



Kijan imigran yo ka jwenn yon lisans chofè Massachusetts

Lwa pou Travay ak Mobilite Fanmi kounye a se yon lwa ofisyèlman nan Massachusetts epi li pral antre an vigè an Jiyè 2023. **Apati Jiyè 2023, rezidan Massachusetts yo ka aplike pou yon lisans chofè nòmal, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.** Pandan w ap tann pou lwa a antre an vigè, ou ka kòmanse prepare w pa aprann sou pwosesis la epi w jwenn dokiman ki nesèsè yo.

Ki kondisyon yo genyen pou yon lisans chofè nòmal Massachusetts?

16+

Gen omwen 16 an.



Bay dokiman ki pwouve idantite w ak rezidans nan Massachusetts.



Reyisi egzamen teyorik alekri sou règleman kondwi



Reyisi yon tès pratik kondwi machin

What Documents Do I Need?

Kat idantite ak dat nesans:

- Yon dokiman nan Lis A **ak** Yon dokiman nan Lis B.
- *Omwen yon dokiman dwe genyen yon foto epi omwen yon dokiman dwe genyen dat nesans.
- *Dokiman etranje yo dwe gen yon tradiksyon ki sètifye nan lang anglè.

Lis A:

- Paspò etranje ki poko ekspire.
- Dokiman idantifikasyon konsila ki poko ekspire.

Lis B:

- yon lisans chofè nan nenpòt eta oswa teritwa Etazini ki poko ekspire;
- yon batistè etranje orijinal oswa yon kopi sètifye;
- yon kat idantite etranje ki valab e ki poko ekspire;
- yon lisans chofè etranje ki valab epi ki poko ekspire;
- yon sètifika maryaj oswa yon dekrè divòs nan nenpòt Eta oswa Teritwa Etazini.

Prèy Rezidans nan Massachusetts:

*Plis enfòmasyon konsènan [prèy rezidans nan Massachusetts](#).

Yon dokiman nan lis ki anba a ki montre w ap viv nan Massachusetts:

- Yon dokiman Massachusetts ki soti nan Depatman Sikilasyon Eta a (RMV an angle).
- Lèt yon ajans leta/federal/minisipal/vil/tivil/konte.
- Bòdwo sèvis piblik, deklarasyon kat kredi, deklarasyon medikal/lopital oswa fakti telefòn selilè.
- Kontra lwaye/ipotèk aktyèl oswa yon lòt akò lokasyon menm jan.
- Dokiman ki gen rapò ak finans, tankou fich peman, salè W-2 ak enfòmasyon taks.
- Dokiman lekòl la bay, tankou lèt lekòl la, relve nòt, prèy enskripsyon an.
- Asirans machin, asirans lokatè oswa asirans kay pou ane aktyèl la.

Kouman pou mwen aplike pou yon lisans chofè nòmal Massachusetts?

Sonje byen - ou pa ka aplike anba nouvo lwa a jiska jiyè 2023!

Kòmanse aplikasyon w lan sou [entènèt](#) epi pran yon randevou pou yon egzamen pèmi pou aprann kondwi klas D nan Sant Sèvis Sikilasyon ([RMV](#)) [lokal ou a](#). Gen yon frè aplikasyon 30 dola pou peye.

- **Egzamen an disponib nan 34 lang.** Pou w pase, ou dwe fini nan 25 minit epi gen omwen 18 repons ki kòrèk sou 25.
- Egzamen pou pèmi pou aprann la teste konpreyansyon w sou lwa kondwi Massachusetts yo ak pratik pou kondwi ak tout sekirite. Yon lisans pou aprann ba ou pèmisyon pou w kondui pandan w ap pratike konpetans w pou kondwi epi w ap prepare w pou egzamen pratik kondwi ou an.
- Apre w fin jwenn yon pèmi pou aprann, ou dwe pran epi reyisi yon tès wout pou w ka jwenn lisans chofè w. Si ou poko gen 18 an, ou dwe ranpli tout [kondisyon pou operatè anba laj](#).

Lòt Resous

Telechaje epi etidye [manyèl chofè klas D](#) a epi [pratike egzamen pèmi aprann la](#).